



FON BOUSDETID AN MEMWA STEPHEN PHILLIPS LA ANE AKADEMIK 2026-2027

KONSÈNAN BOUS LA

Fon Bousdetid nan Memwa Stephen Phillips la ofri etidyan ki gen bezwen finansye ki gen bon rezilta lekòl, ki devwe pou sèvi zòt yo epi ki gen yon etik travay solid, yon bous kat (4) lane renouvlab.

- ✓ Kandida a ka frekante nenpòt etablisman ansèyman siperyè ki Etazini men li dwe soti New England.
- ✓ Bous yo rezève pou etidyan ki vle pran premye diplòm lisans yo nan yon etablisman siperyè kat (4) lane pandan ane akademik 2026-2027 la.
- ✓ Kandida yo dwe gen yon mwayèn kimilatif (GPA) 3 oswa plis sou yon echèl 4 pou yo konsidere kandidati yo.
- ✓ Etidyan yo dwe ap patisipe nan aktivite kominotè regilye (nan lekòl, kominote a oswa lakay) epi dwe deja te gen yon travay atan pasyèl.
- ✓ Kandida yo dwe gen bezwen finansye. Anvan yo kòmanse demann la, kandida yo dwe itilize kalkilatrès finansyè ki sou sit entènèt Phillips la pou yo ka asire yo yo kalifye finansyèman.

Nou gen entasyon bay Etidyan ki gen Endis Èd Finansye (Student Aid Indexes, SAI) yo enferyè oswa egal ak 13 000 èd sa a, men fanmi ki nan sitiasyon finansye patikilye ka kontakte nou nan apèl oswa imèl pou konnenn ki si yo ka aplike. Bezwen finansye etidyan yo konsidere bous ak sibvansyon yo ki nan òf èd finans la; kidonk etidyan yo bezwen enfòmasyon sa yo pou yo kalkile bezwen yo. Nan lane 2025, 90% etidyan ki gen bous yo te gen revni brit ajiste ki pi ba pase \$100 000 epi 91% nouvo etidyan ki gen bous yo te gen bezwen finansye federal (SAIs) ki pi ba pase 10 000.

- ✓ Yon sitwayen Etazini OSWA yon moun ki pa sitwayen men ki swa a) gen yon prezans legal aktyèl Ozetazini ak yon otorizasyon pou travay, OSWA b) depoze (oswa se yon depandan yon paran ki depoze) yon deklarasyon taks sou revni Etazini.

FASON POU APLIKE

Vizite www.phillips-scholarship.org pou plis enfòmasyon sou aplikasyon pou bous epi jwenn aksè ak fòmilè aplikasyon an. **Pou enskri, soumèt fòm anliy nan.** Yo p ap konsidere aplikasyon ki fèt nan kourye lapòs yo. Kòmanse aplikasyon anliy ou an ase bonè pou w ka reponn san bliye anyen epi bay rekòmandatè w yo ase tan pou reponn demann ou yo. Pifò kandida yo deklare yo pran 1 jiska 6 èdtan aplikasyon an. **Pou konplete aplikasyon w lan, w ap bezwen telechaje:**

- ✓ Yon disètasyon fòmèl ak kèk repons kout
- ✓ Enfòmasyon sou èd finansye etablisman ansèyman siperyè oswa inivèsite ou prevwa frekante a
- ✓ Non ak detay pou kontakte omwen yon moun referans
- ✓ Rezime Soumisyon FAFSA (FSS) ou pou 2026-2027

Dat limit Nòmal - 12 è pm, 1 Me 2026.

Kandida yo ap konn desizyon yo pran yo fen Jen.

Dat limit pou Repons Antisipe - 12 è pm, 2 Avril 2026.

Disponib sèlman pou etidyan high school ki gen enfòmasyon sou èd finansye etablisman ansèyman siperyè yo prevwa frekante a. Etidyan ki aplike anvan 2 Avril ap resevwa yon repons anvan dat komen pou repons 1 Me a.

Fòm W-2 pou Etidyan 2025 ak Fòm Fiskal Paran yo pou 2024.

Yo ka mande fòm sa yo apre pandan pwosesis la.



THE STEPHEN PHILLIPS MEMORIAL SCHOLARSHIP FUND, INC.

PO Box 870 • SALEM MA 01970

www.phillips-scholarship.org • staff@spscholars.org • 978-744-2111